



# BIWO JISTIS SOU ANVIWÒNMAN NAN DEPATMAN

## JISTIS OZETAZINI

### PWOJÈ SOU PLAN ESTRATEJIK POU JISTIS SOU ANVIWÒNMAN

#### Apèsi

Dapre [Dekrè Egzekitif 14096](#), "Revitalize Angajman Nasyon nou an pou Jistis sou Anviwònman pou Tout Moun", Depatman Jistis Etazini (DOJ) an oblige pou pibliye yon Plan Estratejik pou Jistis sou Anviwònman ("Plan" an) ki dekri vizyon, objektif, aksyon priyorité li yo, ak mezi pou abòde ak avanse jistis sou anviwònman an. Yo dwe afiche Plan an sou Entènèt epi soumèt li bay Konsèy sou Kalite Anviwònman an, yon divizyon nan Biwo Egzekitif Prezidan an, anvan oktòb 2024.

DOJ te idantifye kat (4) pwojè sou objektif ki gen rapò ak objektif yo ki rezime anba a:

#### Objektif 1: Bay priyorite ak ka yo epi fè itilizasyon estratejik zouti legal Depatman an.

- Bay priyorite ak ka ki pral diminye domaj sante publik ak anviwònman an
- Itilize tout solisyon posib ki disponib anba lalwa

#### Objektif 2: Angaje li nan yo fason siyifikatif nan kominote ki afekte yo epi elaji efò pou kominike efò pou jistis sou anviwònman an.

- Fè swivi sou pwogrè DOJ atravè rapò ki konsistan
- Ogmante sansibilizasyon kominotè, patisipasyon publik, epi ogmante konsyantizasyon sou DOJ ak inisyativ jistis sou anviwònman li yo

#### Objektif 3: Ogmante edikasyon ak kolaborasyon anndan ak deyò DOJ.

- Kontinye devlopman fòmasyon ki gen rapò ak EJ pou anplwaye DOJ yo
- Elaji efò pou kolabore ak patnè federal, eta, lokal, tribi ak teritoryal yo

#### Objektif 4: Evalye ak estime jistis anviwònmantal nan efò yo pou adaptasyon ak klima nan DOJ a, tankou jesyon akizisyon ak byen imobiliye li yo.

- Asire pou DOJ konsidere jistis sou anviwònman an nan jesyon ak operasyon ajans lan

#### Opòtinite pou Kòmantè Piblik

DOJ ap chèche opinyon w sou plizyè kesyon.

- Ki bi ak objektif adisyonèl DOJ ta dwe konsidere nan Plan li a?
- Kijan DOJ ka amelyore efò sou sansibilizasyon ak angajman li nan kominote yo konsènan jistis sou anviwònman an?
- Ki enfòmasyon ak resous DOJ ta dwe bay kominote yo pou klarifye efò li yo pou jistis sou anviwònman an?
- Ki sijè ak konsiderasyon DOJ ta dwe mete nan fòmasyon anplwaye yo sou jistis anviwònman an?
- Ki òganizasyon nan zòn ou an DOJ ta dwe ajoute nan lis lis jistis anviwònman an?

Tout kòmantè alekri yo ta dwe soumèt oswa poste anvan **Lendi, 22 jiyè 2024**.

Ou ka soumèt kòmantè yo  
nan fason sa yo:

Sondaj sou entènèt	<a href="http://www.justice.gov/oej">www.justice.gov/oej</a>
Imèl	<a href="mailto:oej@usdoj.gov">oej@usdoj.gov</a>
Nan lapòs	Office of Environmental Justice U.S. DOJ – ENRD P.O. Box 7611 Washington, D.C. 20044-7611

DOJ se yon ajans federal ki angaje li pou defann règ lalwa, kenbe peyi nou an sekirite, ak pwoteje dwa sivil yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb [www.justice.gov](http://www.justice.gov).